

DIFIKILTE KOMINOTE LGBTQIA+ LA JWENN NAN ZAFÈ JWENN KAY YON FASON KI EK

ENTÈDIKSYON

Lwa sou Lojman Ekitab la entèdi pwopriyetè yo ak founisè lojman yo fè diskriminasyon kont nenpòt moun akòz oryantasyon seksyèl yo oswa idantite sèks yo.



PWOTEKSYON



Lwa sa asire l yo pa trete moun yo yon fason ki enjis akòz sèks yo (sa ki gen ladan l oryantasyon seksyèl ak idantite sèks).

RÈG POU EGALITE POU JWENN HUD

Règ egalite pou jwenn HUD la bay pwoteksyon tou pou oryantasyon seksyèl, idantite sèks, ak eta sivil.



Malgre dispozisyon sa yo, manm kominote LGBTQIA+ yo kontinye jwenn difikilte pou jwenn lojman ki an sekirite e ki abòdab.

Men kèk egzanp sou fason difikilte sa
yo parèt nan rechèch pou lojman:

- Yon founisè lojman ka refize lwe lokal li a bay yon koup menm sèks poutan li dakò lwe l bay yon koup etewoseksyèl fi ak gason.
- Pwopriyetè yo ka mande yon pi gwo pri pou lwaye oswa pou vann bay yon koup menm sèks poutan li pa fè sa pou yon koup etewoseksyèl fi ak gason.
- Yon koup moun menm sèks mande yon ajan imobilye pou montre yo pwopriyete pou lwe nan vil la, men yo montre yo sèlman opsyon nan katye kote ki gen anpil moun LGBTQIA+ k ap viv.

Sant Lojman Ekitab Connecticut se yon òganizasyon ki pa travay pou lajan k ap fè demach pou asire tout moun gen aksè egal pou jwenn opòtinite lojman, san diskriminasyon.

Si w te fè eksperyans diskriminasyon pou lojman, fè yon rapò sou sa! Kontakte Sant Lojman Ekitab Connecticut!



(860) 247-4400 | (888) 247-4401
info@ctfairhousing.org
www.ctfairhousing.org

